



# Advocates for Children of New York

Protecting every child's right to learn

## Egzamen Leta e Akomodasyon pou Moun k ap Aprann Angle

Chak sezon prentan, elèv yo pase egzamen Leta Nouyòk yo nan diferan matyè. Elèv yo pase egzamen sa yo nan lekòl kote yo asiste a.

### **Ki tès yo administre nan Leta Nouyòk la?**

Kindègadenn—12<sup>yèm</sup> ane:

Moun k ap Aprann Angle (ELLs) yo pase Egzamen Reyalizasyon Angle kòm Dezyèm Lang Leta Nouyòk la (NYSESLAT).

3<sup>yèm</sup>—8<sup>yèm</sup> ane:

Tout elèv yo pase Egzamen Angle ak Matematik Leta Nouyòk yo.

4<sup>yèm</sup> ane ak 8<sup>yèm</sup> ane:

Tout elèv yo pase Egzamen Lasyans Leta Nouyòk la.

Lekòl Segondè (9<sup>yèm</sup>—12<sup>yèm</sup> ane):

Elèv yo dwe pase epi reyisi 4 oubyen 5 egzamen Regents Leta Nouyòk la pou yo ka gradye nan lekòl segondè. Tès yo administre pou kou Angle, Matematik, Lasyans, epi Istwa. Pou lis enfòmasyon, vizite:

[http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/high\\_school\\_promotion\\_graduation\\_for\\_ells\\_haitian\\_creole.pdf](http://www.advocatesforchildren.org/sites/default/files/library/high_school_promotion_graduation_for_ells_haitian_creole.pdf).

### **Kiyès nan egzamen leta yo ELLs yo dwe pran?**

ELLs yo dwe pran menm egzamen leta ak elèv ki pale angle yo—ak 3 eksepsyon enpòtan.

1. ELLs yo pa konpoze nan egzamen Angle le yo nan ane 3-8 yo pandan premye ane yo a Ozetazini.
2. ELLs yo ki rive Ozetazini pandan 11<sup>yèm</sup> oubyen 12<sup>yèm</sup> ane kapab resevwa pèmasyon pou yo pa pase youn oubyen de egzamen Regents.
3. Selman ELLs yo gen egzijans pou yo pase egzamen NYSESLAT.

### **Kilè yo administre egzamen leta yo?**

Pifò egzamen leta yo fèt nan sezon prentan.

- Ane 3-8 egzamen Angle ak Matematik yo: avril.
- Ane 4 epi Ane 8 egzamen Lasyans lan: Ant fen mwa me a epi komansman mwa jwen an.
- NYSESLAT: ant avril ak me.
- Egzamen Regents yo: jwen, out, epi janvyè.

Dat egzat yo chanje chak ane. Ou ka jwenn dat egzamen yo sou sit wèb Depatman Edikasyon Leta Nouyòk la:

<http://www.p12.nysed.gov/assessment/schedules/home.html>.

### **Kisa NYSESLAT ye?**

Egzamen NYSESLAT teste nivo konpetans nan koute, pale, li, ak ekri angle. Paske NYSESLAT la teste konpetans nan lang angle a, y opa ofri l nan okenn lòt lang.

## **Èske ELLs yo gen akomodasyon espesyal pandan y ap konpoze?**

Wi, ELLs yo kapab resevwa akomodasyon pou konpoze paske yo poko pale angle kouraman. Ansyen ELLs yo kapab resevwa akomodasyon tou jiska de zan apre dat yo pa konsidere kòm ELL ankò.

**Nòt:** ELLs yo pa resevwa akomodasyon pou konpoze nan NYSESLAT la paske tès la mezire konpetans lang angle a.

## **Ki akomodasyon espesyal ELLs yo resevwa?**

Gen plizyè kalite akomodasyon etidyan yo gen dwa resevwa. Men kèk egzanp komen:

- Plis tan (pa egzanp, si yon tès dwe dire lèd tan, yon ELL gen dwa pran lèd tan edmi pou konplete tès la)
- Yon lokal separe pou konpoze
- Diksyonè oubyen gramè bileng
- Tradiksyon alekri egzamen yo
- Tradiksyon oral egzamen yo pou lang ki pa gen yon tradiksyon alekri ki disponib.

### **NÒT:**

Sonje akomodasyon yo disponib pou pifò egzamen, epi sa enkli ni egzamen pwofesè yo ekri, ni egzamen leta yo!

## **Koman mwen kapab mande yon akomodasyon?**

Nan komansman ane soklè a, responsab lekòl yo dwe detèmine ki akomodasyon ki ta ka ede pitit ou a pi plis. Si w panse gen akomodasyon espesyal ki ta ka ede pitit ou a konpoze pi byen oubyen si w gen kesyon sou akomodasyon pitit ou a deja benefisyè, pale ak pwofesè pitit ou a.

## **Ki egzamen leta yo ki disponib nan lòt lang?**

- Egzamen Matematik Ane 3-8 yo disponib nan lang chinwa, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, ak panyòl.
- Egzamen Lasyans Ane 4 ak Ane 8 yo disponib nan lang chinwa, kreyòl ayisyen, ak panyòl.
- Egzamen Regents yo nan Matematik, Lasyans, ak Syans Sosyal yo disponib nan lang chinwa, kreyòl ayisyen, ris, ak panyòl.

### **Èske w gen plis kesyon?**

Souple Rele Liy Asistans Telefonik Jill Chaifetz la

Sòti lendi rive jedi • Sòti 10h00 rive 16h00

[www.advocatesforchildren.org](http://www.advocatesforchildren.org)

Fèy enfòmasyon sa a pa yon konsèy legal. Bi fèy enfòmasyon sa a se pou eseye rezime prensip ak lwa aksyèl yo san deklare opinyon AFC a. Si w gen yon pwoblèm legal, souple kontakte yon avoka oubyen yon defansè.

Pwopriyete Enteleksyèl © Mas 2016, Advocates for Children of New York, Inc.